

Avi sou politik anyèl e sou akò konfidansyalite

Premye obligasyon epi obligasyon prensipal anplwaye yo se pou egzekite responsablite pwofesyonèl, objektif, e etik pa yo a nan travay la yon jan ki konfòm ak miyè enterè Princeton University. Li obligatwa pou anplwaye yo sètifye chak lane yo revwa responsablite yo genyen jan sa dekri nan politik inivèsite ki annapre e konfime yo resevwa avi sou lwa federal e leta ki pi devan.

Politik Princeton University : [Politik inivèsite a](#), gen ladan men se pa senpleman

[1.1.3 Responsablite anplwaye yo](#)

[Dwa, règleman, responsablite](#)

[1.2.1 Respè lòt, 1.2.2 Diskriminasyon oubyen tizonnay \(baze sou yon karakteristik pwoteje\)](#)

[Fè rapò sou aktivite ki gendwa ilegal](#)

Lwa federal epi leta

[Lwa sou milye travay san dwòg](#)

[NJ Conscientious Employee Protection Act](#)

[Avi NJ sou egalite jann nan lane 2014](#)

Politik Princeton University sou teknoloji enfòmasyon ki akseptab : <https://itpolicy.princeton.edu/>

Antan yon moun ki gen aksè nan enfòmasyon Princeton University, ou gen yon responsablite pou w respekte lwa epi politik inivèsite a ki reji enfòmasyon sa yo.

- Mwen konprann aksè mwen gen nan enfòmasyon konfidansyèl oubyen sansib ki konfyè bay oubyen mentni pa Princeton University se enfòmasyon ki apwouve inikman nan kad fonksyon ki asiye ban mwen antan anplwaye inivèsite a epi pa pou okenn lòt rezon.
- Mwen sèlman gendwa gen aksè nan enfòmasyon ki nesèsè pou m fè fonksyon lejitim antan yon anplwaye inivèsite a. Mwen pa gendwa fè chanjman ki pa otorize nan enfòmasyon enstiti a oubyen chèche, revwa, oubyen analize enfòmasyon enstiti a ki restrikte oubyen konfidansyèl andeyò anplè wòl epi responsablite mwen yo nan inivèsite a, menm si mwen gen aksè nan enfòmasyon sa yo amwenske sipèvizè mwen an ban m otorizasyon pou mwen fè sa.
- Mwen dwe pwoteje konfidansyalite, entegrite, epi disponiblite enfòmasyon inivèsite a. Mwen pa gen dwa pataje enfòmasyon inivèsite a oubyen pataje yo avèk lòt moun ki pa gen otorizasyon, keseswa entèn oubyen ekstèn nan inivèsite a. Mwen pa gen dwa mande pou enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye (personally identifiable information, PII) amwenske gen yon bezwen komès ki lejitim.
- Mwen dwe pwoteje tout kle, kat didantite, oubyen kont rezo enfòmasyon ki pèmèt gen aksè nan enfòmasyon inivèsite a. Mwen pa pèmèt lòt moun gen aksè nan enfòmasyon konfidansyèl oubyen sansib inivèsite a nan pataj idantifikasyon pou aksè (NETID oubyen modpas) oubyen nan nenpòt lòt mwayen.

Mwen dakò pou m respekte akò sou konfidansyalite sa a epi pou pran tout mezi rezonab, nesèsè, epi apwopriye pou pwoteje done prive pou anpeche pataj bay nenpòt moun ekseptè nan mezi ki pèmèt nan akò sa a e politik ki make annapre. Mwen konprann enfraksyon akò sa a gendwa fè mwen resevwa mezi disiplinè k ap gen konsekans sou anplwa oubyen rapò mwen an avèk Princeton University.

Siyen la :

Tanpri, enprime non e tit :

Mwa janvyè lane 2024

Avi sou politik anyèl e sou akò konfidansyalite

Dat la :
